

KONSÈY

- Kenbe pyès idantite w yo avèk ou epi fè fotokopi yo
- Louvri yon kont labank nan non w

Èske yo pa respekte dwa sa yo ?
Èske w sibi menas oswa vyolans nan
espas travay la? Èske w santi w oblije
dakò pou w fè bagay yo?

Mande èd !



Asire w ou gen aksè ak kondisyon travay ak
yon vi ki respekte diyite w (repa, douch, dlo
cho, chofaj, elatriye). Santi w lib pou w poze
kesyon byen presi.

Si yo bay lojman, li dwe nan bon kondisyon.



169Bis Bld Vincent Auriol
75013 Paris

01.44.52.88.90

info@ccem.org

www.esclavagemoderne.org




TRAVAY AN FRANS: KI DWA MWEN GENYEN?



KÈLKESWA SITIYASYON W, OU GEN DWA AN FRANS

Yo dwe **peye w chak mwa**



Ou pa ka travay **plis pase 10 èdtan pa jou**



Eksepte pou si se pou lojman w *, patwon w **pa ka kenbe yon pòsyon nan salè w** pou yon sèvis yo ba ou oswa yon erè w fè




Lè w gen yon kontra travay alekri, sa pwoteje w!


Atansyon, yo pa dwe vann yon kontra travay e w pa ka achte l nonplis !

**Si w gen dout sou kantite lajan an, chèche konsèy nan enspeksyon travay la*

Ou pa ka travay **plis pase 6 jou pa semèn**



Kantite salè minimòm lan se apeprè **1443 ewo anvan enpo/mwa*** pou 35 èdtan pa semèn (12.02 ewo anvan enpo/èdtan)



Menm si w pa gen rezidans, ou ka:

- Jwenn swen nan lopital
- Pote plent bay lapolis
- Kontakte **enspeksyon travay la**



** An 2026. Li ogmante chak ane. Li te 1,426 ewo nan 2025*